# ҚАРАҚАЛПАҚ БАЛАЛАР ДРАМАТУРГИЯСЫ

**Атаниязова Гулшат Сейтниязовна**
*Әжинияз атындагы Нөкис мәмлекетлик педагогикалык институты*

***Аннотация:*** *Мақала қарақалпақ балалар драматургиясында Ырзамурат Айбатовтың драмалық шығармалары үйренилген. Драматургтиң «Он алтыға шықпаганлар» шығармасының композициялық қурылысы талқыға алынған.*

***Калит сўзлар:*** *драматургия, монолог, диалог, миф, образ, увертюра, сюжет.*

ХХ әсирдиң ақыры XXI әсирдиң басында қарақалпақ балалар драматургиясына өзлериниң излениўшилиги айрықша жаңашыллығы менен белгили болған драматурглерден К.Рахманов, К.Каримов, Г.Турсынова, Х.Муўсаев, Ы.Айбатов ҳәм тағы басқалар жәмийетимиздеги балалар өмириндеги, турмысындағы жүз берип атырған жетискенликлер, кемшиликлер жетерли дәрежеде раўажланып атырған табыслары ҳаққында турмыс ҳақыйқатлығын ҳәр қыйлы образлар арқалы жеткерип бериўге өз шеберликлерин көрсетти.

Олар балалар драматургиясын раўажландырыўда ертек формасындағы өткендеги көркемлик дәстүрлерге сүйенген ҳалда балалар ушын фольклорлық үлгидеги сюжетлерди драмаларында қолланып ис жүргизиўи бул көпшилик халықлардың балалар драматургиясында бар қубылыс.

Усындай мазмун ҳәм форманың бирлигин қарақалпақ балалар драматургиясында ертеклерди қолланыўдың, мифлердиң аўыз еки әңгимелерди пайдаланғанлығының бир қанша көринислерин, үлгилерин көриўимизге болады.

Драма 2003-жылы драматург Ырзамурат Айбатов тәрепинен жазылған. **«Он алтыға шықпағанлар»** драмасында тийкарынан он алты жасқа дейинги мектеп оқыўшыларының турмысында болып атырған ҳәдийселер ҳаққында сөз етеди.

Спектакль кеўилли увертюра (оркестр ушын жазылған кишкене музыкалық шығарма) менен басланады, белгили ўақыт ишинде музыка әстеленеди, бирақ сахнада перде ашылмайды. Тамашагөйлер арасынан кишкене бир бала сахна ортасына апалақлап жуўырып келип пердени ашпақшы болады. Екинши кишкене қыз да тамашагөйлер арасынан жуўырып узақтан бақырып тоқтатады.

**Роза** –Ҳәй-ҳәй, ояққа барма уят болады.

**Қуўаныш** –Ҳе? Неге уят болады?

**Роза** –Ҳаў, далада афишаға 16 ға шықпағанлар киргизилмейди деп жазып қойыпты ғо.

**Қуўаныш** –Аўа, солай деп жазып қойыпты. Ҳаў, сонда бул жерде не болады екен?

**Роза** –Не болады? не болады? Кириўге болмайды дегеннен кейин болғаны-дә.

**Қуўаныш** –Сонда да қызық-та. Көриўге болмайды дегеннен кейин дым көргим келип тур-дә.

**Роза** –Рас-ай, растанда бизлер көриўге болмайтуғын бул жерде не болады екен-ай.

**Қуўаныш** –Пердени, әсте ашып көрейик пе?

**Роза** –Уят болмаспа екен?

**Қуўаныш** –Уят болса, жаўып қаламыз ғо.

**Роза** –Мейли… көрсек… көрейик…

*Екеўи пердени еки тәрепке тартып ашады, перде ашылыўы менен сахнада жаслардың күлген даўыслары еситиледи. Сахнада театр актёрлары. Кишкене қыз бенен бала сахнаның еки шетинде сахнадағы актёрлардың ҳәрекетлерин тамашалап турады.*

Он алты жасқа шықпаған жас өспиримлердиң ўазыйпалары нелерден ибарат. Олар ата-анасына қандай жәрдем бериў керек? Жас үлкенлерди қалай ҳүрметлеў керек? драматург мине, усындай жас әўладты тәрбиялаўдағы баслы мәселелерди бир шаңарақтың мысалында көрсетип бере алған. Драмадағы қатнасыўшы персонажлардың ис-ҳәрекети олардың бир-бирине қатнасы арқалы драманың сюжетине тийисли болған ўақыялар ашып көрсетиледи. Драманың жуўмағында он алтыға шықпаған жаслардың алдында турған мақсет, ўазыйпалары менен келешектеги әрманлары ҳаққында, жасүлкен ҳәм ата-аналардың үгит-нәсият сөзлери оқыўшыларға ибрат болыў менен жуўмақланады. Драма бес көринистен ибарат.

Көптилеў Муўсаев пенен Ырзамурат Айбатовтың «Ата — шынығайық» музыкалы драмасы 2010-жылы «Бәркамал әўлад»жылына бағышланып жазылған.

Перде ашылғанда, ерте таң. Сахнада аўылдағы бир үйдиң алдындағы ҳәўли көриниси. Бир шетте әпиўайы қолдан соғылған турник боксёрлар шынығыў ислейтуғын қум толтырылған қапшық илиўли тур. Ғарры түргелип былай-былай бир нәрселер ислеп жүр. Ақлығы еле көрпеден шыға қоймағаны көринип тур.

**Татлымурат** –(Бирден шоршып оянады.) У…у…ф!

**Ғарры** –(Кәўетерли) Ҳаў, Татлыжан турдың ба? (Ҳәзиллесип) Бул не азан менен үҳлеп? Я, уйқылап шаршадың ба?

**Татлымурат** –(Көзлерин уўқалап еркеленип) Енди сениң менен жатпайман.

**Ғарры** –(Қәўетерли) Ҳаў, Татлыжан не болып қалды?

**Татлымурат** –Азан менен турып алып, адамға уйқы бермейсең.

**Ғарры** –Ҳе…е. Гәп буяқта десе…! Ҳа..а.й.й, нәрестем-ай, нәрестем! Қарағым мени тыңла.

**Татлымурат** –(Еркеленип) Тыңламайман!!!

**Ғарры** –Қой қарағым, гәплериме қулақ салып тыңла!

**Татлымурат** –Тыңламайман дедим бе, тыңламайман! (Көрпеге бүркенип жатып алады.)

**Ғарры** –Қарағым, ата-бабадан қалған гәп бар. Яратқан Тәңрим таңда ерте турғанның «несийбе»син молдан беремен, ал таң атып күн шыққанша төсектен турмай жата бергенниң бар «несийбе»синен айыраман, – деген. (Бала әсте көрпеден басын шығарып)

**Татлымурат** –Ата «Несийбе» деген не?

**Ғарры** –Несийбе деген, қарағым.., бул…сениң ҳәм мениң бәрше инсаниияттың күнделикли қуўанышлы табысы, қуўанышлы жемиси. Мысалға ҳәзир сен саат сегизде уйқыдан турдың, мен болса сеннен еки саат алдын турып бираз жумысларымды питкердим, –Бул демек, бүгинги күннен мениң несийбем сеникине қарағанда еки саатка зыят. Егер ҳәр күни несийбең еки саатқа кем бола берсе… сол еки саатты, ҳәптеге, айға, жылға көбейт. Демек, өмириңниң көп қуўанышлы жемислеринен сол уйқыда қалған саатлар есесине бос қалып атырсаң. (Кеўилсиз) және спорт пенен шуғылланаман дийсең-аў. (Күледи).

Драмада 5-класста оқыйтуғын Татлымурат деген баланың «бокс» спорты менен шуғылланып, чемпион болғанлығын драмалық сыпатта ашып береди. Татлымураттың ишки дүньясы, характери, психологиялық жақтан жақсы раўажланған өзгешеликлери менен унамлы образ қаҳарманы сыпатында көзге түседи. Драмадағы сюжет, конфликт, композициялық қурылысы арқалы шығарманың тийкарғы бағдары көрсетиледи. Драматург балалар ушын спорттың қай дәрежеде пайдалы екенлигин түсиндирип бере алған.

**Әдебиятлар:**

1. Қазақбаев С. ХХ әсирдиң ақыры XXI әсирдиң басындағы қарақалпақ балалар әдебияты (эволюциясы, жанрлық өзгешелиги ҳәм поэтикасы) – Нөкис: Билим, 2016.